# ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕС ХЫЗМЕТКЕРЛЕРИ КОРОНАВИРУСҚА ҚАРСЫ ВАКЦИНА АЛДЫ

**Ҳеш кимге сыр емес, пүткил дүньяны тәшўишке салған, адамлардың басына аўыр сынақ болып келген коронавирус инфекциясы бүгинги күнде де түрли штаммларда, қырғағына урылған теңиздей бир неше толқынларда қайта тарқалмақта.**

Ҳәзирги ўақытта барлық мәмлекетлерде, соның ишинде елимизде де коронавирусқа қарсы гүресиў бойынша кең көлемли илажлар әмелге асырылмақта. Халықты басқышпа-басқыш коронавирусқа қарсы ғалаба түрде шаншыў әне сондай илажлардан бири болып есапланады.

Әлбетте, бүгинги күнде халқымыздың саламатлығын беккемлеў ҳәм оларды бул кеселликтен сақлаўда бул илажлар үлкен әҳмийетке ийе.

Алдын хабар берилгениндей, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығы, оның орынбасары, комитет баслықлары ҳәм Жоқарғы Кеңес Аппаратының қәнигелери ҳәм хызметкерлери коронавирусқа қарсы вакцина алмақта.





Усы жылдың 9-август күни барлық хызметкерлер белгиленген тәртипте, өзлерини□ қәлеўи бойынша елимизде тән алынған вакциналардың бири менен 2-басқышта шаншылды.

Мағлыўмат ушын, июль айында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси басшылары ҳәм Жоқарғы Кеңес Аппаратының қәнигелери ҳәм техникалық хызметкерлери коронавирусқа қарсы вакцина менен 1-басқышта емленген еди.







**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң баспасөз хызмети**